ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ЛIЭАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№104 (22.262) ● 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 7, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Къанокъуэ Арсен тыгъэ лъапIэр Нэхущ Iэдэм ирет.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Пажэхэр утыку къращэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щекIуэкIащ зэIущIэ гупэ. Абы щагъэлъэпIащ республикэм зиужьыным хъэлэду хуэлажь щIыху щаджащэхэр. КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен абыхъэм къэрал дамыгъэхэр яритыжащ.

- КЪЭРАЛЫМ мэкъуауэгъуэм и 12-м игъэлъапIэнущ Урысейм и махуэр, абы техуэуа политикэ, щэнхабзэ пшыхь зэхуэмыдэхэр щIыпIэ куэдым щрагъэкIуэкIынущ. Абы хуэгъэпсащ нобэрей зэIущIэ гупэри, - жIащ Къанокъуэ Арсен зэхыхьэр къыщызэIуихым. - Урысейм и махуэм ирихьэлIэу мурад тщIащ республикэм и жылагъуэ, политикэ, социальнэ гъащIэр ефIэкIуэным, зиужьыным зи гуащIэ хэзыльхьа, ноби абы и зэIузэпщ псэукIэм хуэлажьэ цIыху щыпкъэхэр дгъэгушхуэну.

ЦIыхухэр тыншу гъэпсэуным, я Iуэхухэр зэрыдзекIын щытыкIэ тэмэмхэр къахуэзгъэпэщыным хуэунэтIауэ къэралым зэфIигъэкIыр мащIэкъым. Экономикэ кризисым къыдэкIуа гугъуехьхэми къыхэкIри, социально-экономикэ зыужьныгъэм хуэзышэ гъуэгу пэжым теувэжыфащ. Республикэм и гугъу пщIымэ, абы и экономикэри зэтоувэ, щIыналъэм зиужащIу къыдольытэ. Къащтэмэ, экономикэм и закъуэкъым дэ гульытэ зыхуэтщIыр, социальнэ унэтIыныгъэми зэрызедгъэужьыным дыхущIокъу. Фэри къызэрыгурыIуащи, республикэм и экономикэр тэмэму зэтемыувауэ адрей унэтIыныгъэхэм нэгъэсауэ зытхуегъэужьынукъым. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыхухэм зэIузэпщ псэукIэ кьахуэзэдгъэпэщыныр. Иужьрей илъэсхэм щыджару зызыужь икIи хэхуэхэр щIыналъэм къахуэзэыхьыну дызыщыгугъ Iуэхугъуэхэм ящыщщ мэкъумэшх хозяйствэр, турист-рекреацэ комплексыр, промышленностыр. Дэ дыхущIэкъунущ ди цIыхухэм я псэукIэр Урысейм и хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм щекIуэкI гъащIэм къызэрыкIэрыдмыгъэхуным, уеблэмэ псоми дефIэкIыну дыщытыныр кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжащ.

Егъэджэныгъэр, узыншагъэр хъумэн Iэнатlэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа къэрал программэхэр щыIащ. Аха тэмэму къэдгъэзэбгъэфмэ, цIыхухэм я арэзыныгъэ къэдлэжьу а унэтIыныгъэхэми Iуэхур щызэтеубла хъунущ. Мылъкушхуэ хухахащ а программэхэм, сом мелард бжыгъэкIэ ахъшэр къыхуэутIыпщащ. Иджыпсту нэхъыщхьэр мис а мылъкур тэмэму тегуэшауэ къэгъэзэгъэпынырщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щэнхабзэм зегъэужьыным теуэуа программэ щыIэкъым, ауэ дыщыгугъынщ зэман гъунэгъум абыи хэкIыпIэ гуэрхэр къыхуагъэутыну. ЗэкIэ зэрыхъукIэ, Iэмал гуэрхэр къэдгъэутэрэ, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэми ди дэIэпыкъуныгъэр яIыпыдгъэсынущ.

Республикэм и зэIузэпэщ псэукIэр зэпъыныжжаг дэращ, дэтхэнэми и пщэ къыдэхуэ къалэным хуиIэ бгъэдыхьэкIэрщ. Властымрэ жылагъуэмрэ зэгурыIуэу зэдэлэжьэн хуейщ, дызэгъусэу мамырыгъэмрэ зэкъуэтынымрэ щыналъэм зэрыщытхъумэным дихуущIокъутхъэщ. Мис ахэр тхуэзфIэкIымэ, дэ дызыпэмыльэщын Iэхугъуэ щыIэкъым, зыхуэдгъэувыж къалэнхэр, мурадхэр тыншу зэдгъэхьулIэфынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэр къызэхэсахэм ехъуэхъуащ къызыхэкIа лъэпкъым, къыщыхъуа щIналъэм и ефIэкIуэным гъэм уэзышагъэ быдэ, ехьулIэныгъэ инхэр яIэу адэкIи зэрыхуэлэжьын къэру кьалъыкъуэкIыну.

А махуэм къэрал дамыгъэр ираташ щIыхи 140-м. Апхуэдэу «Орден Почета» хуагъэфэщащ прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Нэхущ Iэдэм, КъБР-м и Щ1ыхь тхылъыр зратахэм ящыщщ республикэм Спортымкlэ, туризмымрэ курортхэмкIэ, Щ1ыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрхэу АфIэуунэ Асльэмрэ Гызыевэ Бертрэ. Налшык кьалэ дэт поликлиникэ №4-м и дохутыр нэхъыщхьэ КIыщокъуэ Руслан, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къэдзэ Конаревэ Наталье, композитор цIрыIуэ Хьэлуп Джабрэ1ил, симфоническэ оркестрым и дирижер нэхъыщхьэ Темырканэ Борис сымэ нэгъуэщIхэми. «КъБР-м и щIыгъуэ псоми гукъыдэжкIэ дэрэжэгъуэрэ ягъуэтауэ зэбгрыкIыжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩ Иэз.

● КъБР-м и Парламентым

Къэрал мылъкур къызэрагъэсэбэпым хоплъэ

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумрэ хъэрычэт Iуэхумкlэ и комитетым зыхуэфащэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр къырихьэлIэу пригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэтыхьащ къэрал, муниципальнэ мылъкум хиубыдэ Iуэхущlапlэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ къызэрагъэсэбэпым кънт фейдэм хэгъэхъуэныгъэмкIэ хэкIыпIэхэм. Зэ1ущIэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Бозин Патбий, КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Къэзыщыгъэ-къэзыбгъ и палатэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я пэжьакIуэхэр.

ЗЫХЭПЛЪЭ Iуэхум теухуауэ къыдзэхуэсахэм я пащхьэм доклад щиIащ КъБР-м къэрал мылъкумрэ щIы Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Уянаев Таймураз**. Абы зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и мылъкум хиубыдэу ухуэныгъэ, Iуэхущlапlэ зэмылIэужьыгъуэу 273-рэ щыIэщ. Иджыпсту иолэжь абыхэм ящыщу къамыгъэсэбэпэхэр бэджэнду тынным, хозяйствэ зезыхьэ зэгухьанныгъэхэм я устав мылъкум хэгъэхьэным. Апхуэдэу КъБР-м и Iэтащхьэр мылъкум щыщу 2012 гъэм ящэнхъэм, муниципальнэ мылъкум хагъэхьажьнухъэм хоплъэ.

2012 гъэм щIышыIэн и 1-м ямыгъэIэпхъуэ къэрал мылъкур бэджэнду зэратым къызэрыкIуэ министерствэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэу 126-рэ щыIащ. Мылъкур бэджэнду къызыгъэсэбэпхэм ящыщу 35-р хъэрычэт Iуэхущlапlэ мыинхэмрэ курыртхэмрэщи, абыхэм бэджэнд уаэр кIэрыгъэхуауэ, ику иту мазэм метр зэбгъуэзрагIэм и уасэр сом 82-м щIимыгъуу, кьыIах. ЗэгурыIуэныгъэхэм ящыщу щыр къэрал Iуэхущlапlэхэм иращIылIащи, абыхэм ирагъэбыдыIа ямыгъэIэпхъуэ мылъкур а Iуэхущlапlэхэм я оперативнэ управлениегъэуауэ аращ.

Къэрал мылъкур зыхухаха мурадым тету икIи фейдэ кьыпэкIуэу къызэрагъэсэбэпыр нубзыхун папщIэ министерствэм реестрым ит Iуэхущlапlэ, ухуэныгъэ псори щIапщытыкIащ. Уянаев Таймураз зэрыжиIамкIэ, ягъэбелджыIащ мылъкур щыIэжьрэ щымылъэжьэ, абы и щытыкIэр, дяпэкIэ кьагъэсэбэпынымкIэ щыIэ Iэмалхэр. А псоми япкъ иткIэ ягъэхъэзыращ КъБР-м и къэрал мылъкум и хъэхъэныгъэ гъэтэмэным Iуэхуэгъэ.

Къэрал мылъкум хиубыдэ Iуэхущlапlэхэм, ухуэныгъэхэм ящыщу кьамыгъэсэбэпэхэмрэ зыхухаха мурадхэм ту ямыгъэлажьэхэмрэ ящыщу 15 иджыблагъэ бэджэнду ятащ. Апхуэдэу 2012 гъэм приватизацэр зэрырагъэкIуэныгъу прогноз планым хатащ иджыпсту кьамыгъэсэбэп ухуэныгъэу, Iуэхущlапlэу 46-рэ.

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумрэ хъэрычэт Iуэхумкlэ и комитетым и унафэщI **Марьяш Иринэ** кьыщIопсальэм мы Iуэхум хэть ныкъуасныгъэхэм зэпкърыхауэ кьытеувыIащ. Абы кьыхихьэщхьэхуIащ КъБР-м и къэрал мылъкур зехьэнымкIэ Концепцэм и проектыр илъэсым щIигъуауэ кьамыщтауэ зэрыщыIыр.

Апхуэдэу нэгъэсауэ гъэззащIа хъуркъым республикэм и къэрал, муниципальнэ мылъкур кьыззрагъэсэбэпым кьит хъерым хэгъэхьэным хуэунэтIауэ яубзыхуа Iуэхуэкър. Районхэм, жылагъуэхэм ящыщ кIуэдыр кьащтакъым кIэзонэ мылъкур кьызэгъэпэщыным, учет щIыным, зехьэным, кьэгъэсэбэпным пыщIа Iуэхуэкър щIыубзыхуа унафэкър. Абы и лъэныкъуэкIэ ныкъуасныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ муниципальнэ мылъкум и реестрыр зэрамытхыр.

Марьяш Иринэ зэрыжиIамкIэ, нужьрей илъэсищым кьэрычыдзу КъБР-м и Парламентым щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм мызэ-мытIэу чэнджэщ яритащ муниципальнэ мылъкум и реестрыр тхыныр, абы ехьэлIа зыхуэфащэ документхэр гъэхьэзырыныр кьызэзыгъэпэщ программэхэр кьэщэхуным гульытэ хэха хуащIыну. муниципальнэ кьулыкъущIэхэм ящыщу муниципалитетхэм я лIыкIуэхэм къэпсэлъэн зэрамыдам узригъэгупсысыр абыхэм мы Iуэхум я гур емытауэ зэрящытыдзыр, - кьыхихъэщхьэхукIащ къэпсалъэм.

Парламентым зыхуэфащэ и комитетым кьызэрилытэмкIэ, ахъшэмэрэ мылъкумрэ зэхэхарэ, мылъкур зэрызэрахъэм гульытэ нэхъыбэ хуащIмэ, Iуэхур нэхъ дэкIынущ. Апхуэдэу зэтрагъэувэмэ, а мылъкур зехьэнымкIэ, кьэгъэсэбэпынымкIэ мардэ пыухыкIахэри яхуэзубзыхынущ. Комитетым хэтхэм я мурадщи мы Iуэхур кIыхьыхь ямыщIыну икIи «КъБР-м и къэрал казнам и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэ законым и проектыр зыхуэфащэ органхэмрэ Iуэхущlапlэхэмрэ хэплъэн папщIэ мы махуэхэм кьриубыдзу хуагъэхьыну.

Зэ1ущIэм щыжалахэм япкъ иткIэ кьащтащ КъБР-м и Правительствэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, зыхуэфащэ адрей Iэнатlэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ.
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ.

● Хъыбар гуапэ

Къанокъуэ Арсен Правительствэм и комиссэм хагъэхьэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хагъэхьэжащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьныгъэмкIэ правительственнэ комиссэм. Ар щIэуэ къыззгъэпэщыжыным теухуа унафэм Iэ щIидзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий.

Медведев Дмитрий зи пашэ комиссэм хэтщ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр, Федерацэмкlэ Советым и Унафэщым и япэ къуэдзэ Торшин Александр, Федерацэмкlэ Советым Нэгъуэщ1 къэрал Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Билалов Ахьмэд, Къэрал Думэм Нэгъуэщ1 къэрал Iуэхухэмкlэ и комитетым хэт Бабаков Александр, федеральнэ министерствэ зыбжанэм я лIыкIуэхэр, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я Iэтащхьэхэр, ХьумапIэ банкым, Къэрал щIыбэ экономикэ банкым я унафэщIэхэр.

Щ1ым теухуа хабзэр зэрагъэзащIэм кIэлъоплъ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыззрагъэпэщащ республикэм и мылькуу щыг щIыуэ бэджэнду ятахэр къызэрагъэсэбэпым кIэльоплъ комиссэ щхьэхуэ. Абы хэтхэр зыхуэфащэ унафэкIэ къащтащ, къэпщытэныгъэхэр зэрыгъэзыкIуэкIыну графикыр яубзыхуащ.

Къэрал мылькумрэ щIы Iуэхухэмкlэ министр Лыджыдз Хьэбдулсэлам КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэм зэрыщыжиIамкIэ, комиссэм хэтхэм щэкIуэгъуэм и кум нэсыху гъавэ щIалIэу щыт щIыуэ гектар мини 153-м я щытыкIэр хэлащытэу, абы теухуа отчет Правительствэм и пащхьэ иралъхьэжьын хуейщ. Комиссэм и лэжьыгъэр хэхауэ тригухуэнущ щIым и Iуэхухlэ закъодательствэр зымыгъэзащIэхэр, щIыр тэмэму къэгъэсэбэпынымкIэ зэран хуэ щIыхьэсыгъуэхэр кьыщIэгъэщыным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

● Зэхъэзэхуэхэр

Лlэщlыгъуэм и пашэхэр

Республикэм егугъу зыхуэгъахьэзыр сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» Урысейпсо зэхъэзэхуэр зэрыригъэкIуэкIынум. Ар жэпуэгъуэм ди къэралым апщIанэу щызэхэтынущи, зэпеуэ дахэм и бысым къалэу къыхихар Налшыкущ.

НОБЭКIЭ Урысейм и щIыналъэхэм зэхъэзэхуэкIэ щагъэбелджылы Налшык къакIуэу Урысейпсо зэпеуэм хэтынухэр хэт сымэми. Ар щызэхэкIащ Красноярск, Липецк, Архангельск, Тэтэрстаным. Абыхэм куэдкIэ закъыкIэригъэхуркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым. Урысейпсо зэхъэзэхуэм хэтынухэр къыщыхах зэпеуэхэр щекIуэкIащ республикэм и къалэхэмрэ куейкэмрэ. Абыхэм кьэбгъэдэкIыну КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгухьанныгъэхэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым къыIэрыхьащ республикэпсо зэхъэзэхуэм хэтыну зэрыхуейкIэ гуп 20-м я тхылъ. Мэкъуауэгъуэм и 10 пщIондэ къыхахынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыгъэзэжыну «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» Урысейпсо зэхъэзэхуэм хэтыну цIыху 50-р.

Узыншагъэр щрагъэфIэкIуэкIэ «Восход» лагерым мэкъуауэгъуэм и 10-м щыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 20 хъуэку абыхэм зыщыуагъэтхъэзэрыныщ мэкъуауэгъуэм и Урысейпсо зэхъэзэхуэм. Зэпеуэм хэтыну къыхаха щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я зэманым кьрибудыдзу къапэщылъ зэхъэзэхуэм и хабзэхэм, текIуэныгъэм хуэзыгъаса зэIущIэхэр, дерсхэр.

ЩОМАХУЭ Лилие.

КъБР-м щыIэ Iуэхущlапlэхэмрэ цIыхухэмрэ гу зылъатапхъэ

2012 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къагъэхьын папщIэ газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щытрагъадзэ зэманыр еух.

Фэ нэхъ фигу ирихь газетхэр, журналхэр къевгъэхьын папщIэ иджыпсту почтамтхэм, пощтым и къудамэхэм Iэ щыщIэвдз хъунущ. Абыхэм Iэ зыщIэвдза къыдэкIыгъуэхэр и зэманым фи унэм ныфхуахъынущ е пощтым и Iуэхущlапlэхэм къыщыватыжынущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр иужьрей дыдэ махуэм нэвмыгъэсу зэфIэвгъэкI.

КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэ.

Республикэм щыпсэухэмрэ хъэщIэхэмрэ ящIэн папщIэ!

Хабзэ хъуауэ ягъэджэгу призхэмрэ щIыху хэхахэм я щIэкIэ ягъэува саугъэтхэмрэ кьхьыным теухуа щыгъажэ Налшык кьалэм и илподромым мэкъуауэгъуэм и 9-м щыIэнущ. ЩыщIидзэнур сыхьэт 12-рщ.

● Щэнхабзэ

Сэхъу Хьэсэн и пшыхь

Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэу Налшык дэтым дыгъуасэ щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубз артист, усакIуэ-уэрэдус, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым и макъамэ уиерэщ Сэхъу Хьэсэн и пшыхь.



И НЫБЖЫР илъэс 60, творческэ лэжьыгъэм зэрыпэрытрэ илъэс 40 зэрыхъур щыхуагъэльапIэ зэIущIэ гуапэм кьрихьэлIат щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэр, республикэм и Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм я кьулыкъущIэхэр, Хьэсэн и лэжьгъуэхэр, ныбжьэгъуэхэр, и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

Концертым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист цIрыIуэхэр, «Кабардинка» ансамблир, апхуэдэуи хьэщIэ лъапIэхэу Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и цIыхубз артисткэ Хадиковэ Аллэ, Щэшэн Республикэм и цIыхубз артист Паскаев Рамзан сымэ, нэгъуэщIхэри.

Пшынэр зи Iэпэгъуэу къэгъэгурыкIуэ Сэхъу Хьэсэн и гуащIэ лэжьыгъэ куэдым хэльщ. Псальэм папщIэ, телевиденэм и режиссер Дыджэш Ленэ эфирым папщIэ игъэхьэзыру щыта гуащIэ тестир тепльэгъуэ кIэщIэхэм зэпымыууэ хэтахэм ящыщ быщ ар. Апхуэдэ цIыху зэчиифIэм, зи гуащIэр инеш ты уха пшыхьэр эззыгъуэ хъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Псоми гукъыдэжкIэ дэрэжэгъуэрэ ягъуэтауэ зэбгрыкIыжащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Тэтэр Анатолэ илъэс 60 ирокъу

Мэкъуауэгъуэм и 7-м и ныбжьыр илъэс хъщI ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист Тэтэр Анатолэ.

ЛЪЭПКЪ щэнхабзэм лъабжьэ быдэ хуэхъу адыгэ театрым зиужьыным илъэс куэдкIэ зи зэфIэкI езыхьэлIа Iэщ1агъэлIым узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ иIэну, нобэ здынэса гъащIэ кьэгъэшыпIэр яджыри къэс имыгъэнэуа щэху дахэ гуэркIэ кьыхуэупсэуну дохъуэхъу.

«Сыт артистым дунейм щихъуэжьыфынур? Гъащ1эмрэ уэ умытхауэ ущыджэгу пьесэмрэ куэдкIэ зэщхьэщыкIрэ?» А упщIэхэми нэгъуэщIхэми Анатолэ кьыхуигъуэтыну жэуапхэм фыкъыщеджэфынущ абы теухуауэ ди газетым мыгувэу тетыну тхыгъэм.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

США-р зыхуэкIуэр

Къэблагъэ илъэс 25-м кьриубыдзу США-м и къэрал щIыхуэр и лъэпкь ВВП-м хуэдитIкIэ щIигъэнущ зыхуэIуа щыIэкъым. Абы и Конгрессым бюджетымкIэ и управленэм кьыта докладыщIэм кьыхэзыгъэнщмкIэ, ар Iэмал имыIэу кьэхъунущ, ноби дажь налог льготэхэр властым ихъунэмэ.

А льготэхэм я пIалъэр йокI мы гъэм дыгъэгъазэм и 31-м. А законыр нобэ икъуэтэкър и чэзур кьэмысу налог льготэхэр игъэкIуэдмэ, илъэс 25-рэ дэкIа ноужь кьэрал щIыхуэр ВВП-м хуэдэ 1,5-м щIигъуну аращ. АтIэ, нобэ ар ВВП-м и процент 73-рэ фIэкIа хъуркъым.

Эксперт щхьэхуитхэм щапхъэу кьахь экономикэ кризисым зэтрикъутэным нэса Алыджкар - абы и кьэрал щIыхуэр и ВВП-м хуэдэу 1,6-м нэсащ.

США-м и экономикэр кьалъахъэ зэпытрэ екIуэкIынущ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ хуэмышIауэ псэухэмрэ я бжыгъэр нэхьыбэ зэрыхъум, абыхэм къэралыр зэрадзIэпыкъум кIуэ пэтми зэрыхэхъуэм.

Нэхъ тыншу хъунущ

Урыкеймэ я къэрал автоинспекцием и мурадщи автомобилхэм я регистрацэм ныщIа хабзэхэр куэдкIэ нэхъ тыншу ищIыну.

А Iуэхум и административнэ регламентыщIэри игъэхъэзыращ. Иджы, а щыхьэт тхылъым лъэхэм щIидза изужь, щIыхум и автомашинэр учетым ирим мыхьу ищэну хуит ящIынущ. Абы тель номерыжьыр ГИБДД-м езытыжьынур щэхуэкIуэращ. Ар зэрыритыжьу кьыгъэщIалъхьэнущ автомашинэм и номерыщIэхэри. Апхуэдэ щIыкIэ кIэ Урысейм кьыщагъэсэбэпыжьнукъым транзит номеркIэ зэдзэхэр. Къэралым и зы щIыналъэм икIыу зэгуэдIуэ щIыпIэм щэхуакIуэр кIуэну хуит хъунущ, ноужьрей и номерыжьхэр телъу.

Апхуэдэ хабзэщIэхэм щыщащтэм щхьэусыгъуитI иIэщ: регистрацэр ихъэ тыным мэхъу, транспортри зэрагъэIэпхъуэ пIалъэм кьриубыдзу ГИБДД-м и нэIэм щIэкIыркъым.

Автомобилыр зыщэм апхуэдэ гукъыдэж иIэмэ, абы кIэрыпIа номерыжьхэр кьыхуигъэхуигъэжьыну хуитщ. Абы папщIэ, ноби хуэдэу, ГИБДД-м и кьудамэм лъэIу тхылъ щIильхьэн хуейуэ аращ. ИтIанэ автомобилыр зыщам мэкъуауэ 30-м кьриубыдзу кьратыжьнущ и транспорту щытам кIэрылъа номерыжьхэр.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 7, *махуэку*

п Мэкъуауэгъуэм и 7-8-хэм Москва щызэхэтынущ информацэм и щинагъуэншагъэмрэ информацэмкIэ зэдэлэжьэнымрэ ятеуха 8-нэ Евразиепсо форум. п 1952 гъэм кьалъхуащ адыгэ-хэм кьатехьукIа, Тыркум щыщ ткачIуэ, Нобель саугъэтым и лауреат (2006 гъэ) **Памук Орхан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык уэшх кьыщецихынущ. Хуабэу махуэм гradyuz 22 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъ 24-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 44-м.

Хьэуам и псыIагъыр кьитIасэнущ процент 76 - 86-м.

Мэкъуауэгъуэм и 8, *мэрем*

п **Хьэм и дунейпсо махуэр**
п **Социальнэ лэжьакIуэхэм я махуэр**

п Швейцарием щекIуэкIынущ Кавказ щIыпIэ щIыналъэм и щыщ1ынущ1эхэр зэпIэзгъэрытынущ1эхэр я 20-нэ зэIущIэр.

Дунейм и щытыкIэнур

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, пщэдей Налшык пIалъэ-пIалъэкIэ уэшх кьыщецихынущ, хуабэу махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 15 - 19 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 24-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 44-м.

Хьэуам и псыIагъыр кьитIасэнущ процент 80 - 94-м.

П1ЫпIэнэр ныгъэхьэзырар ГУЭЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуэщ1агъэ:

Щ1эблэ зыщ1Эмыхъуэр лъэпкъ хъуркъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэ къу

Кавказ Ищ хъэрэ Жылагъуэ

«Титаник»-м къикIыфа Кучиев Михаил

●ГъэщIэгъуэнщ

«Титаник» трансатлантикэ лайнерым теухуауэ тхылъ ятхащ, фильмхэри трахащ. Зэ еплъыгъэкIэ кьыпщыхъунщ а гъэзэгъэуэм теухуа псоми дыщыгъуазэу. АрщхьэкIэ тхыдэм сыт щыгъуэми щэху гъуэгурыIуэгъуэ.

ПСОМИ зэрыгъэщIэщи, «Титаник»-р 1911 гъэм накъыигъм и 31-м псым тригъэхащ. Ар щауэхат Белфраст кьалэм щыIэ «Харланд энд Вульф» къуэхьыщI фирмэм. 1912 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м къуэхьыр Саутгемптон инджылыз къуэхь тедзапIэм щоижэ, Нью-Йорк кIуэну.

Абы щыIэу 2228-рэ ист, зи бжыгъэкIэ 900 хъу экипажри хэту. «Титаник»-р айсберг гъэм жьэхэуащ мэлыжьыхьым и 14-м сыхьэт 23-рэ дакъикьэ 30-м. Сыхьэтищ дэкIри, псым щIилъэфащ. Шлюпкэхэм цыхьу 700 итIыс хьэфащ, 1500-м щIигъу хэкIуэдащ.

Гъэзэгъэ хэхуахэм я деж япэу нэсар «Карпатия» инджылыз кхъухьращ, ари пщэдджьыжьым сыхьэти 4-м. «Карпатия» кхъухьым кьыззощIикьуащ щхьалхэр икIи мэлыжьыхьым и 18-м Нью-Йорк нигъэсащ.

Къелахэм ящыщщ осетин кьуажэ Кадгарон икIыу Америкэм щылэжьэну ежьа Кучиев Михаил (Мурэзикан) Бибайт и кьуэр. Илъэс 22-рэ зи ныбжь щалэм ахъшэ кьилэжьу унэ ящыну, щхьэгъусэ кьишэну и мураду арат. ЖьпIэнымэ, Осетием а зэманым щалэгъуэлъэ куэд ильыт, къэрал жьжьэм ахъшэ кьыщалэжьыну. Михаил и адэ кьуэшым и кьуэхэр абы щыIэхэхэти, гъэуэгъуэ кьалэ щIыкIу гъэрщ здагъэкIуар. Ахэр иджыри унагъуищ я гъусэу щыпсэуну зыщIагъэтIысыжьа унэр зы зэрыбынкIи щыкIыт.

Зы зэман дэкIри, Михаил щыпIэр щэхуу ибгынэну мурад ящыщ: «Сэ фыкьэзмыгъанэу хъуркъым, ауэ Iэмал имыIэу сыкьыфкIэлъыкIуэнурэ фызэдгъэщэжынущ, си Iуэхур тIэкIу зэIубэ хьунэ», - жяриащ и бынхэм.

Зеиншэу кьэна сабийхэр интернатым ирагащ. «А зэманым си нэгум щIэкIаеу сигу кьынар уэсыр, щIакхъуэ Iыхьэ пащIэр, губгъуэм дызэдитым зэрыфIейуэ тшхыуэ щыта жэгундэращ», - жеIэ Аннэ.

ЕпъэситI хъуат интернатым ахэр зэрыщIыIэрэ, Витя бын ищIыну хуейуэ зы цыхьфз гъэрым тхылъхэр зэригъэпэщу щыщIидзам. Аннэ абы елъэIуащ и дэлъхум пэIащIэ имыщIыну. Абы щыгъэщI цыхьфзым «сэ фи папэ дех фысшэну ящ» щыщIэрилар. «Витя тхылъ иIэу къаутIыпIащ, сэ сыкьыдыгъэжащ», - жеIэ бзыльхуэгъэм.

СабиитIыр хьэлъэзешэ машинэм ису, брезенткIэ щIэхъумауэ, Петропавловск кьашащ. Абы я адэр кьащIэпэльэрт. «Цыкьыз зэрипльагъуэу ди адэр ГъатI», - и гур хэщIу кьеГуэтэжж Аннэ.

Ахэр Баку кьыщыхутащ, и ныбжьэгъур кьыщдэIэпыкъуэри. Абы нэIуасэ кьыщыдыкъыхуэ, кьиутIыпIащкъым. Ди адэм жиIэжьыр а цыхьфзым и псэр щыхэIами, абы и iэ дияхэм кьаIэщIэмыкIыфу езырри итхъэпэ пэтауэ.

Нью-Йорк сымаджэщым мазитI нэскIэ щIэльащ Кучиевыр. И кьуэшхэм я гъусэу ильэситI хуэдэкIэ лажьэри, хэкум кьитгъэзэжащ. ЩIалэр абы щыгъуэм Америкэм кьыщынам и насыпт, ауэ...

Михаил кьигъэзэжащ «Титаник»-м исахэм страховкэ пащIэу ираты ахъшэмэр езым кьилэжьамэр ящIыну. Абы тIуэу зэтет унэ ищIащ, пэжщ, ильэс 30 щрикьуаращ (осетинхэм ар кIасэу кьалъытэ) щхьэгъусэ кьыщишащ. Наскидаевэ Анисые и щхьэгъусэм ещхьу псоуэкIэ зыщIэт, хьэл-щэнкIэ зэтетт. 1925 гъэм абыхэм пщащэ щыкIу (Аннэ) кьахэхъуащ, илъэсищ дэкIри - щIалэ щыкIу Витя (Асльэбгэ).

Зыгуэр кьыщилэжьыфын щыпIэ кьилъыхьуэу, Михаил Азие КурытымкIэ еунэтI. Абы Анисые кIэльфокIуэ, и сабиитIыр щыгъуэ. Ильэс докIри, цIыхубзыр лъхугъэм ящIыкIыт.

- 1932 гъэм ди адэр кулакхэм хабжэ, игъащIэм зы цыхьу имыгъэлажьэу, езым унагъуэ, губгъуэ Iуэхуэр зэдихьу щытамэ.

Ди мылькыр кьыттрахри, дэ Къэзахьстаным дахуащ. Ди анэшхуэр ди гъусат, ауэ ар дыздашэм нэмысу лIэри, щIалъхьэжащ. Иджыри кьыздэсым зыри дыщыгъуазэкъым абы и кхъащхьэр здэщыIэм, - жеIэ Аннэ.

Кучиевыр Петропавловск пэгъунэгъу кьалэ щIыкIу гъэрщ здагъэкIуар. Ахэр иджыри унагъуищ я гъусэу щыпсэуну зыщIагъэтIысыжьа унэр зы зэрыбынкIи щыкIыт.

Зы зэман дэкIри, Михаил щыпIэр щэхуу ибгынэну мурад ящIащ: «Сэ фыкьэзмыгъанэу хъуркъым, ауэ Iэмал имыIэу сыкьыфкIэлъыкIуэнурэ фызэдгъэщэжынущ, си Iуэхур тIэкIу зэIубэ хьунэ», - жяриащ и бынхэм.

Аннэ ягъэлъапIэ щхьэхуэ фыкьэзыгъэуэ яхэту Америкэм щылажьэрти, ахэрат езыдзкар. Гъэуэгъуэ зэрытехьэну ахъшэр кьуажэ псом хуэхьадзат. Абы кьищэхуфа билетыр ещанэ класс нэхъ пуд дыдэрат. ЖыпIэнымэ, ещанэ классым и билет зыIыгъауэ кьелар мащIэщ.

Ди адэр зэи апхуэдэ гъуэгуанэ кIыхь техьатэхьым, кхъухьи тенджызи ильэгъуатэхьым, ар зэмыдзэгъэ щIэуэри ящIэтэжьыжьа, Витя кьыщIиупскIуэрэ кьыззэIыхьати, палубэм кьыдэжьеуат, жьы кьабзэкIэ бэуэну. Оращ ар кьезыгъэларт.

Айсберг еуэу кхъухьым и сэмэгурабгъу льэныкьуэр кьыщIэзэжьэтэм, куэдым я гугъащ шынагъуэ льэпкъ щымыIэу. Псоми зытращIыхьыр, сыт кьэхъуми, «Титаник»-р щIэмыгтIысыкIыну жаIэу зэрыщIытарат. Ауэ...

Зэрызехьэшхэу кьыщыхъум, ди адэр псым хэпкIащ. Абы пхъэ кIапэ эIуIэ гуэрым зыкIэрищащ, ауэ гуэрыIуэгъуэт куэдрэ зэрызыIыгъыфынур - куцIыр игъэдийуэ псыр щIыIэт. Зы цIыхубз гуэрым папэ зыкьыкIэрищатэ, щIэм игъэхуэхъуащ и гъунэгъуу псэу Старостинэ Александрэ. Оращ езым щхьэгъусэ, и бынхэм зэ яхуэхъуарт.

Гугъуехь псоми кIэ ягъуэтауэ кьыпщIыхьу хъунут, ауэ Михаил аргуэру гъуэгуанэ техьащ. Иджы ар Таджикистаным и Хорог кьалэрат здэкIуэр, абы щылажьэ и хэкуэгъу-осетинхэм щкхъуэ щагъажьэм мыеIуэ ахъшэ кьыщихьыну кьагъэгугъати. Михаил щIэх-щIэхьу унаГъуэм письмо кьахуитхыт, ирикьуреймкIэ хъьбар кьаригъэщIат куэд дэмыкIыу кьэкIуэжьну жиIэу. Ауэ хьэпсым ирадзащ, тхъэвым хэмылъпсхъэ хилхьэсу жаIэри. Нужьжьэ кьыщIищащ ар и хэкур зрагъэбгынахэм ящыщу Петропавловск пэгъунэгъуу зэрыщыIар, зигъэпщкIуу кьыззэрыщIэпхъуэжар.

Илъэс 13 зи ныбжь Аннэ Сталиным письмо хуитхат и адэр Совет властым зэрыритлъхъэр жиIэу, кьаригъэутIыпщыжьну елъэIуу. Москва жауапкIэ щыгугъа щхьэкIэ, Хабаровск крайм ящI письмо кьыздикIар. Абы Михаил щIэт, мэз зыгъауэхэм яхэту. Ораш и узыншагъэр зыхьыпари. Михаил кьитхьыт щIыIэм гугъу зэрыригъэжьащ, и щхьэгъусэм, и бынхэм кьелъэIурт ягу ямыгъэкIуэну, зэрымыкьуанщэр зэхагъэкIмэ, езыри кьаутIыпщыжьну зэрыгугъэр и тхыгъэхэм кьахэощIт.

- Папэ 1940 гъэм кьыщагъпIащыжьам, Таджикистаным щыпсэу и благъэхэм я деж кIуащ, щIыпIэ хуабэм и узыншагъэр щригъэбгIэжьауэ жьыбгъу щыгугъыу. АрщхьэкIэ узым пэльэщащкъым.

ЛIэным хуэд имыIэжу и кьуэм кьыкьуитха письмом итт щыхутэ хэпльу, и щхьэм пщIэ хуиныжьу дунейм тетыну, щIэныгъэ зригъэгъуэтыну кьельэIуу. Кьуэм игъэзэщащ ары и уэсятыр: Виктор кьухьльатэзехуэу еджащ, ракетэ дзэхэм хэтащ. Анни унагъэ хъуэпсэгъуэу кьогъуэгурыкIуэ. Ауэ ари абы и бынхэри зэи «Титаник» фильмым и кIэм нэс епльакьым, кхъухьыр щыщIилъафэм псы щIыпм кьыкъохуга щыхухэм я адэр хальэгъуэн хуэдэу кьащхьхьри.

ПУСТОВОЙТОВ Сергей, ХОСОНОВЭ Земфирэ.
Интернет хььбарэхэм кьыхэхтащ.

Экологием и щытыкIэр зыдж Италием и щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, тпэгъунэгъу дунейм и щIыпIэхэм я кьуэдым я хэкур ябгынэным щхьэусыгъуэ хуэхъунур климатым къызэрымыкIуэу зэрызихъуэжьнурщ. ООН-м Iэпхъуэщапхъуэхэм я Iуэху-хэмкIэ и комиссар нэхъыщхьэм зэрыжиIэмкIэ, экологием, климатым зэрызэхъуэжьнум къыхэкIыну 2052 гъэм Iэпхъуэщапхъуэхэм я бжыгъэр мелуан 200 - 250-рэ хъунущ. 2010 гъэм апхуэдэхэр щыху мелуан 40-м нэсагъэхэщ. Дунейм и къэхъукъащIэхэм зэрыжиIэмкIэ, экологием, климатым зэрызэхъуэжьнум къыхэкIыну, 2052 гъэм Iэпхъуэщапхъуэхэм я бжыгъэр мелуан 200 - 250-рэ хъунущ. 2010 гъэм апхуэдэхэр щыху мелуан 40-м нэсагъэхэщ. Дунейм и къэхъукъащIэхэм зэрыжиIэмкIэ, экологием, климатым зэрыжиIэмкIэ щыпсэуэ я Iыхьэ 40-м дежкIэ ар гуэзэгъуэщхъуэ хъунущ. Урысейр арауэ жаIэ а псом нэхъ къелыпыр.

Европэм и хьэкур

2010 ГЪЭМ щыщхьэIу мазэм итальян физик-теоретик Джанлуиджи Зангари жиIам къимыгъэуIэбжьаргэ химыгъэгупсысыхьарэ къэгъуэтыгъуейщ. Абы и къэхутэныгъэхэр щыхьэт зэрытехьэжьмкIэ, Гольфстрим псы хуабэр къэувыIащ. Спутникым къиГъэльэгъуащ абы тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу иIэр. Ар кьыжьэкIар Мексикэ псы дэпъэдапIэм дежи щыдагъэ къызэрыщыщIащыр кьызэрыуарщ. Мы щIыпIэращ псы хуабэ инар кьыщежьэр. Итланэ ар Атлантикэм и щIыхьэрэ лъэныкъуэм, адэкIэ Новая Земля, Шпицберген нос.

Гольфстримыр планетэм и тенджызыпс хуабащ икIи абы кьызэпеущI километр минищI хуэдиз. Ар и пъщагъкIэ атом электростанцу зы мелуаным ебгъэпщэфынущ. Мы псы хуабэм хьэкум хуэдэу игъэхуабэрт КъухьэпIэ Европэр икIи абы щыIэр кьигъэувыIэрт. Псальэм папщIэ, США-м ущыпсэуфыну тынш ищIырт, щIыIэм щихьумэрти.

Кьапщтэмэ, Рейкьявик Москва елъытауэ нэхъ ищхьэращ. Ауэ абы температурэр ику иту +5-м нэхъ щхьэгъэкъым (Москва +3,8-щ ику иту щIэуэ, дуней псом и кьалащхьэхэм ящыщу дыдэращ нэхъ щыIэр). Хельсинки ику иту хуабэр градуси 7-м щынэсмэ, а широта дыдэм хуэзэ Якутск щыIэу градуси 10,2-м эрилъэзгъэын хуэдэ мэхъу. Лондонрэ Воронежрэ, Берлинрэ Новосибирскрэ щыгъэбгъапщэкIи аращ. Великобританиемрэ и кьалащхьэр градуси 6-кIэ нэхъ хуабэщ (+11). Берлин хуабэу градуси 10 щыщыIэм деж, Новосибирск щIыIэу градуси 2 щыщыIэм деж, Новосибирск щIыIэу градуси 2 щыщыIэм деж, Москва жауапкIэ щыгугъа щхьэкIэ, Хабаровск крайм ящI письмо кьызэдикIар. Абы Михаил щIэт, мэз зыгъауэхэм яхэту. Ораш и узыншагъэр зыхьыпари. Михаил кьитхьыт щIыIэм гугъу зэрыригъэжьащ, и щхьэгъусэм, и бынхэм кьелъэIурт ягу ямыгъэкIуэну, зэрымыкьуанщэр зэхагъэкIмэ, езыри кьаутIыпщыжьну зэрыгугъэр и тхыгъэхэм кьахэощIт.

- Папэ 1940 гъэм кьыщагъпIащыжьам, Таджикистаным щыпсэу и благъэхэм я деж кIуащ, щIыпIэ хуабэм и узыншагъэр щригъэбгIэжьауэ жьыбгъу щыгугъыу. АрщхьэкIэ узым пэльэщащкъым.

ЛIэным хуэд имыIэжу и кьуэм кьыкьуитха письмом итт щыхутэ хэпльу, и щхьэм пщIэ хуиныжьу дунейм тетыну, щIэныгъэ зригъэгъуэтыну кьельэIуу. Кьуэм игъэзэщащ ары и уэсятыр: Виктор кьухьльатэзехуэу еджащ, ракетэ дзэхэм хэтащ. Анни унагъэ хъуэпсэгъуэу кьогъуэгурыкIуэ. Ауэ ари абы и бынхэри зэи «Титаник» фильмым и кIэм нэс епльакьым, кхъухьыр щыщIилъафэм псы щIыпм кьыкъохуга щыхухэм я адэр хальэгъуэн хуэдэу кьащхьхьри.

ПУСТОВОЙТОВ Сергей, ХОСОНОВЭ Земфирэ.
Интернет хььбарэхэм кьыхэхтащ.

● Дунейм и къэхъукъащIэхэр

Урысейращ зи щIыпIэр зыбгынэнухэм я нэхъыбэр къыщыщIидзынур

къыщIегъэльагъуэ. ЗэрыфIельагъуци, куэду зэщхьэщокI.

Ди гъунэгъуэр щIыIэм ёс

МЕКСИКЭ псыдэпъэдапIэмрэ Атлантикэ хьымрэ щыдагъэр зэрыкхъэдам кьыхэкIыу, Гольфстрим щIымахуэм Европэм зэрыхуэкIуэ кьарум процент 30 хэщIащ икIи ар Къухьэпи Европэм нэсыжьыкъым. ЩхьэусыгъуэрщIыдагъэр ягъэкIуэдын я гугъэу корексит химие пкьыгъуэр кьызэрагъэсэбэпаращ. Иужьрей илъэсхэм США-ми КъухьэпIэ Европэми щIымахуэр щIыIэ дыдэ щыхъуащ. Псальэм папщIэ, 2010 гъэм Германием щэкIуэгъуэ, дыгъэгъаэ мазэхэм уэсыр сантиметрипщIу щытелъащ, жэщым щIыIэр градус 20-м нэхъ махэ щыхъуакъым. Илъэс пщIы бжьагъэ зыбжанэ хъуащ апхуэдэ щIыIэ мыбы зэрыщымыIэрэ. Англиеми иджы кьытегуплIэ щIыIэм хуэдэ щишэчу щытар зы лIэщIыгъуэ и пэкIэщ.

КъухьэпIэмкIэ щIыIэ ди гъунэгъуэхэм зыри щIамыту Гольфстримым къызэхуэбэрт. Иджы а «хьакур» мэупщIыIу. Араши, Урысейм и уГлеводородхэм дяпэкIэ нэхъыбэж кьыхуеинущ, пэжыр жыпIэмэ, ди къэралым и газым кьыщогуГъ цIыху мелардым нэс.

Китаймрэ Европэмрэ кьыщыхъу псыдзэхэр, Азием кьытегуплIэ уэгъур - ар псори «зи лэжьыгъэр» Гольфстрим кьуэдыжраш. Зингари зэрыжиIэмкIэ, ар кIуэдыжьпэмэ, щыкуцIэ зиГэ гуэзэнуэ куэд я нэгу щIэкIынущ, гъабгIэ къэхъуныр, пьэпкъ псохэр зэтелIэнри е я щIыпIэр ябгынэнэр хэту.

Урысейм кьыфырIэйуэ абы хэлъыр

ЩIэныгъэлIи Полеванов Владимир кьызэрилытэмкIэ, Гольфстримыр къызэхуэвыIар Урысейм и дуней щыпкIэм зэранышхуэ хуэхъунукъым. Абы жеIэ США-мрэ Европэмрэ мэкъумэшхэкIымкIэ я Iуэхур зэIыхьэну. Абы щыгъуэ, ди къэралым и псэр гуэдзу, хьэуэ, н.къ. тонн мелуани 150-рэ ящэу щытамэ, иджы езыхэм апхуэдэ щхьащхуэ хуэ кьунущ. Къыщащэхуну хуей нобэкIэ узгъуи ибыгъ, ауэ зэман гъунэгъуэм гъавэфI кьыт-рахын хуэдэу зызыхьэужьну щIыпIэхэращ.

КьыхэбгъэщIмэ, Урысейм гъэ къэси гъавэ бэв кьыщрахьэлIэ хъуащ, мэкъумэш зытращIэу щыта гектар бжыгъэм мелуан 16-кIэ хэщIамэ (япэм зэлэжьыр гектар мелуан 63-рэ хъурт, иджы 47-щ къагъэсэбэпыр).

Климатым зэрызихъуэжьым зэ еплъыгъуэкIэ Урысейм и фейдэ хэльщ, ауэ тIэкIу нэхъ жьыжьэ дыплъэмэ, кьэхъуну жьыуаIэр фильмым я нэхъ щынагъэуми иумыгъэщIэфынщ.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, 2100 гъэм «тектоническая плита» жьыуаIэр кIуэцIрыхунущ. Абы Курых Европэм щыщу мащIэщ къелынур, псым щIимыхьумэу. Материкым и ищхьэрэ лъэныкъуэм щыIэ къэралхэр псы щIагъым къыщыхуэтэнущ. Псальэм папщIэ, Франджым щыщу кьэнэжьынур хьтIыгуцIыкIущ, Париж ику иту. Испаниием и Iыхьэ щанэр, Португалием и кьухьэпIэ, ипщэ лъэныкъэхэр, Эстониер, Латвиер, Литвар картэм итыжьынукъым. Псышхуэр ящIэнущ. Азербайджаным, Туркменистаным, Узбекистаным, Къухьэпи Къэзахьстаным. Белоруссиемрэ Украинэмрэ къэрал цIыкIуэу къэнэнущ. АтIэ, а гуэзвэгъуэм кьелыпнэхэр гъавэкIэ зыщыгугъынур Урысейращ. Абы къыщIэнэмыщIауэ, а къэралхэм я цIыхуэхэм щхьэегъэзэпIэ ди щIыналъэращ яхуэхъунур.

Ар дяпэкIэ кьэхъунращ. Нобэ тпъэгъуэр сыт? Климат тым зэрызихъуэжьым кIэлыплъ гуп щыIэщ, къэралхэм я правительствэхэм я лIыкIуэхэр хэту. А щэныгъэлIхэм жаIэ Антарктидзэр Гренландиерэ ятелъ уэсыр щIэгъэхуэхьэвэу зэрыгтIыр. Абы тенджызыпсыр сантиметр 60-кIэ къиIэтынущ зэман гъунэгъум. Ар кьэхъумэ, тенджыз, хы, псышхуэ Iуфэхэм Iут кьалэхэр зыми кьригъэлыфынукъым.

Китайр къыдобгъэрыкIуэ

ДУНЕЙР нэхъ хуабэ зэрыхъум нэхъыбэ ищIынущ псы кьабзэ, хущхъуэ, шхын зымыгъэутхэм я бжыгъэр. Хуабэм игъэткIынущ игъащIэ льандзэрэ бгыщхьэхэм ятелъ мылыр. Къапщтэмэ, Гималайхэм ар къыщыхьумэ, цIыху мелуан бжыгъэ псы зэфэн ямыIэу кьэзэнущ, Индием, Непалым, Китаймэ псыдзэ ящIэзэнущ. А псом кьрихуэжьэну цIыхухэр нэгъэущI щIыпIэ Iэпхъуэн хуей щыхъуэкIэ, «бысымхэмрэ хьащIэхэмрэ» мамыру зэгурыIуэну кьыщIэкIынкъым.

ЩIэныгъэлIхэм жаIэ китайхэм ди щIым щыщ куэд яубыдыну икIи гъунапкъэр Иркутск-Байкал - Делюн-Уранск хребет - Становой хребет - Шантар хьитIыгуфэм нэс кьагъэIэпхъуэну. А щIынапъэхэм щыпсэу ди цIыхухэм я щхъэр кьрахынущ, нэгъуэщI лъэпкъхэр нэхъыбэ щыхъукIэ. Мы зи гугъу тщIа псори нэхъ зэпкърыхауэ итщ щIагъым кьыщыхуэтэнущ. Псальэм папщIэ, Франджым щыщу кьэнэжьынур хьтIыгуцIыкIущ, Париж ику иту. Испаниием и Iыхьэ щанэр, Португалием и кьухьэпIэ, ипщэ лъэныкъэхэр, Эстониер, Латвиер, Литвар картэм итыжьынукъым. Псышхуэр ящIэнущ. Азербайджаным, Туркменистаным, Узбекистаным, Къухьэпи Къэзахьстаным. Белоруссиемрэ Украинэмрэ къэрал цIыкIуэу къэнэнущ. АтIэ, а гуэзвэгъуэм кьелыпнэхэр гъавэкIэ зыщыгугъынур Урысейращ. Абы къыщIэнэмыщIауэ, а къэралхэм я цIыхуэхэм щхьэегъэзэпIэ ди щIыналъэращ яхуэхъунур.

Ар дяпэкIэ кьэхъунращ. Нобэ тпъэгъуэр сыт? Климат тым зэрызихъуэжьым кIэлыплъ гуп щыIэщ, къэралхэм я правительствэхэм я лIыкIуэхэр хэту. А щэныгъэлIхэм жаIэ Антарктидзэр Гренландиерэ ятелъ уэсыр щIэгъэхуэхьэвэу зэрытIыр. Абы тенджызыпсыр сантиметр 60-кIэ къиIэтынущ зэман гъунэгъум. Ар кьэхъумэ, тенджыз, хы, псышхуэ Iуфэхэм Iут кьалэхэр зыми кьригъэлыфынукъым.

Китайр къыдобгъэрыкIуэ

ДУНЕЙР нэхъ хуабэ зэрыхъум нэхъыбэ ищIынущ псы кьабзэ, хущхъуэ, шхын зымыгъэутхэм я бжыгъэр. Хуабэм игъэткIынущ игъащIэ льандзэрэ бгыщхьэхэм ятелъ мылыр. Къапщтэмэ, Гималайхэм ар къыщыхьумэ, цIыху мелуан бжыгъэ псы зэфэн ямыIэу кьэзэнущ, Индием, Непалым, Китаймэ псыдзэ ящIэзэнущ. А псом кьрихуэжьэну цIыхухэр нэгъэущI щIыпIэ Iэпхъуэн хуей щыхъуэкIэ, «бысымхэмрэ хьащIэхэмрэ» мамыру зэгурыIуэну кьыщIэкIынкъым.

ЩIэныгъэлIхэм жаIэ китайхэм ди щIым щыщ куэд яубыдыну икIи гъунапкъэр Иркутск-Байкал - Делюн-Уранск хребет - Становой хребет - Шантар хьитIыгуфэм нэс кьагъэIэпхъуэну. А щIынапъэхэм щыпсэу ди цIыхухэм я щхъэр кьрахынущ, нэгъуэщI лъэпкъхэр нэхъыбэ щыхъукIэ. Мы зи гугъу тщIа псори нэхъ зэпкърыхауэ итщ щIагъым кьыщыхуэтэнущ. Псальэм папщIэ, Франджым щыщу кьэнэжьынур хьтIыгуцIыкIущ, Париж ику иту. Испаниием и Iыхьэ щанэр, Португалием и кьухьэпIэ, ипщэ лъэныкъэхэр, Эстониер, Латвиер, Литвар картэм итыжьынукъым. Псышхуэр ящIэнущ. Азербайджаным, Туркменистаным, Узбекистаным, Къухьэпи Къэзахьстаным. Белоруссиемрэ Украинэмрэ къэрал цIыкIуэу къэнэнущ. АтIэ, а гуэзвэгъуэм кьелыпнэхэр гъавэкIэ зыщыгугъынур Урысейращ. Абы къыщIэнэмыщIауэ, а къэралхэм я цIыхуэхэм щхьэегъэзэпIэ ди щIыналъэращ яхуэхъунур.

Ар дяпэкIэ кьэхъунращ. Нобэ тпъэгъуэр сыт? Климат тым зэрызихъуэжьым кIэлыплъ гуп щыIэщ, къэралхэм я правительствэхэм я лIыкIуэхэр хэту. А щэныгъэлIхэм жаIэ Антарктидзэр Гренландиерэ ятелъ уэсыр щIэгъэхуэхьэвэу зэрытIыр. Абы тенджызыпсыр сантиметр 60-кIэ къиIэтынущ зэман гъунэгъум. Ар кьэхъумэ, тенджыз, хы, псышхуэ Iуфэхэм Iут кьалэхэр зыми кьригъэлыфынукъым.

Мы зэманым уэгъум ибыгъ щIыпIэхэр мэкъумэш щIапIэ хъуну щIэныгъэлIхэм жаIэ.

Иужьрей илъэсищэм кьриубыдэу иджыщ Лондон мыпхуэдэ щIыIэ щиитIэгъар.

Куэд зыщIэхъуэпсым хуэмеижхэр

● США

США-м щызекIуэ хабзэхэр зэхэзыльхьэхэр кьэзыгъуэ-Iэбжьа Iуэху иджыблагъэ къэхъуащ - америкэ паспортым хуэмеижу жиIащ Facebook социальнэ сетыр кьызэрыгъэнэца Саверин Эдуардэ.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу американ гражданствэр зымыдджхэр. Псальэм папщIэ, 2008 гъэм я америкэ паспортыр ятыжащ щIыкIу 235-м, мы гъэр щыхъуэ 1800-м. Абы и щхьэусыгъуэр америкэ паспорт зиIэхэм, дэнэ щыпсэуми, налог ятын зэрыхуейр.

Саверин ищIам кьигъэгубжьа сенатор-демократ Кейси Боб жиIащ: «Дэ деувэлIэнькьым дэнэ щыпсэу кьулейри есым и хабзэкIэ псэуным. Зиусхьэн Саверин США-м и цIыхуу щыщытаращ къулей щыхъуар, ауэ иджы лъэныкъэ зригъэзэнну, налог зытхэм захигъэбгъэкIыну марэд ищIащ».

Сенаторым зыщIигъэтхиям и щхьэусыгъуэр псоми ящIэ. Саверин и америкэ паспортыр итыжащ, Facebook-р тхьылымпIэ лъапIэхэм я IРО рынокым хыхьа нэхъ. Уасэ зиIэ акцэхэр щищэм, интернет-компаниием долларыр мелард бжыгъэкIэ кьилэжьыфащ. Арыншами, Саверин кьулейсызтэхьым: Facebook-м и акцэхэм я процентилIыр абы ейщ, доллар мелардищ и уасэу.

Кьаугъэр кьэзыгъэхъеям зэрыжиIэмкIэ, абы мурад ищIащ Сингапур и гражданствэ хьищтэну. «Сэ а къэралым сыщыпсэуну сыхуейщ, азиат рынокым си мылъку хэсльхьэн папщIэ, икIи налог Iуэхур мыбы зыкIи епхакъым», - жиIащ Эдуардэ.

Ауэ абы и псальэр зыми и фIщ хъуакъым. Доллар мелуанищэхэр налогу зытын хуейуэ кьызыпэщылъым кIэбгъэ щищыну щIыхуейр гурыIуэгъэщ.

- Саверин и щIыб кьыхунгъэзэжащ и цIыхуу кьэзылыта, зыхъума, щIэныгъэ еныта, мелардырыбжэ зыщIа кьэралым, - жиIащ сенатор Чак Шумер. Абы дыщIигъащ «псоми кьенэпэфуэ Саверин ар кьызэрызиумыгъэгъунур».

Сенаторхэм епIэщIэкIыу ягъэхьэщIар хабзэм хатхащ США-м и гражданствэр зымыдджу паспортыр кьузыгъэтIылъыжэр иужькIэ зэи а къэралым ирамыгъэхьэну, дэнэ щыIэми, налогымкIэ кьатехуха щыIуэр ирагъэпшынысжыну.

ГАСЮК Александр.
«Российская газета».

● Ингуш Республикэ

Ильэс 20-р ягъэлъапIэ

Лъэпкъ телевиденэм и Iуэхущ щIэнэр.

Мэкъуауэгъуэм и 4-м Ингушым щагъэлъапIащ ар республикэ щхьэхуэ зэрыхъурэ ильэс 20 зэрырикъуар. А махуэм ирихьэлIэу яуХащ дэтхэнэми сабий 700 щIэхъуну школитI, лъэпкъ телевиденэм и унэ, цIыху 1000-м ятещIыхьа гъэмахуэ амфитеатр, жьы хъуа псэупIэхэм щIэсхэр здагъэIэпхъуэн хьат куэду зэтет унэ 15, дзэ поликлиникэ. Псори зэхэту мы гъэм республикэм щатынущ Iуэхущ щIапIэ 30.

«Российская газета».

Магас къалэщIэм и зы хьэблэ.

НащэкIуэщIэ зыгъэхьэзырар ШИРДИЙ Маринэщ.

«Мэлыжьыхьым и 28» зыбгъащ Iуэхум (дзэм Тыркум и властыр зэрихъэкIыну хэтауэ зэрагъэкъуанщэщ) мы къэралым зыщыеубгъу. ПроКуратурэм и унафэкIэ судым иджыблагъэ ирашэлIащ дзэм хэмытыр генералибгъуэр зы полкроникрэ. Абыхэм пщыкъэщхьэ хъуахIэ къыпкъуригъэщIыхьа нэхъ. ПлIыр къаутIыпщыжащ, адрейхэр хьэпсым ирадзащ.

● Анкара генералхэр егъэмащIэ

Тыркум дзэм хэтхэр зэрыщагъэтIысым хэт хуейр?

1923 гъэм екIуэкIа революцэ пъандэрэ Тыркур светскэ къэралу къэнэным икIи зиужьыным кьару нэхъыщхьэу хущIэкъуар дзэм хэтхэращ, икIи хуей-хуей зэмэйми, абыхэм пщIэшхуэ зыхурагъэщIыфат. АрщхьэкIэ ЗаХуагъэмрэ зыужьыныгъэмкIэ партым (исльамым нэхъ и тельхъэм) тетыгъуэр зэриубыдрэ дзэм и Iуэхур екIакIуэу щIидзащ. Эксперт гуэрхэм зэрыщIэлъыфат. АрщхьэкIэ Захуагъэмрэ зыужьыныгъэмкIэ партым (исльамым нэхъ и тельхъэм) тетыгъуэр зэриубыдрэ дзэм и Iуэхур екIакIуэу щIидзащ. Эксперт гуэрхэм зэрыщIэлъыфат. Ар